



Pou Piblikasyon Imedya: 18/01/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL NONMEN ERIKA MALLIN KÒM DIREKTRIS EGZEKITIF  
KONSÈY ZÈV ATISTIK ETA NEW YORK LA**

***Yon lidè atistik ki rekoni nan nivo nasyonal pou defann endistri kreyatif New York  
ak devlope zèv atistik ak kiltirèl pou tout moun***

Gouvènè Kathy Hochul anonse jodi a nominasyon Erika Mallin nan pòs Direktris Egzekitif Konsèy Zèv Atistik Eta New York la. Mallin, yon lidè eksperimante ak rekoni nan nivo nasyonal nan domèn atistik ak kiltirèl, te dirije dènyeman Pwogram Atistik Aspen Institute la e li te okipe pandan plis pase dis lane pòs Direktè Egzekitif Signature Theatre New York ki te gayan Tony Award®.

"Sektè atistik ak kiltirèl Eta New York la se yon motè ekonomik pisan, yon fòs ki ap kontribiye nan sante nou ak byenèt nou ak yon veritab fondasyon pou fòs kominote nou an," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou salye lidèchip, eksperyans ak travay inovan Erika nan sektè a. Anba direksyon li, nou pral kontinye devlope ekonomi kreyatif nou an ak enpak li sou tout kominote nou yo."

**Prezidan Konsèy Zèv Atistik Eta New York (New York State Council on the Arts, NYSCA) la, Katherine Nicholls, te deklare,** "Karyè Erika konbine yon angajman konfime an favè yon aksesibilite ak zèv atistik ki kontinye grandi ak yon konpreyansyon apwofondi wòl atis la nan sosyete nou an. Ansanm ak ekip ak Konsèy devwe nou an, mwen enpasyon pou m akeyi Erika nan NYSCA ak pou sèvi ak soutni sektè atistik ak kiltirèl Eta New York la ki gen renome mondyal."

**Direktè Egzekitif NYSCA a Erika Mallin te deklare,** "Mwen onore anpil de nominasyon sa ak opòtinite mwen jwenn pou m defann plizyè milye atis ak òganizasyon atistik nan New York, endistri kreyatif ki pi enpòtan ak pi inovan nan mond lan. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul ak Chanm nan pou soutyen san fay yo ak pisan sektè atistik ak kiltirèl New York la. Mwen enpasyon pou m travay ak ekip la, Konsèy la, ak patnè yo nan tout Eta a pou m pi byen sèvi sektè a ak kontribisyon vital li nan ekonomi nou an, nan tranfòmasyon kominote nou yo, ak nan enspire rezidan ak vizitè yo menm jan."

Erika Mallin te okipe pòs Direktè Egzekitif Pwogram Atistik Aspen Institute lan tou dènyeman kote li te reyini atis ak lidè kiltirèl pou l onore travay yo ak wòl kòm lidè

opinyon sou fason pou abòde pwoblèm sosyal ak sivik yo. Li te dirije tou pwogramasyon atistik Fèt Aspen Ideas selèb la ak pri anyèl prestijye Artist in Residence Harman/Eisner a. Avan Enstiti an, li te Direktè Egzekitif Signature Theatre Company ki te gayan Tony Award®. Li te pwodui plis pase 100 espektak ak dirije ekspansyon 70 milyon dola Signature a pou rive nan Pershing Square Signature Center Frank Gehry te konsevwa. Li te tou devlope ak agrandi Inisyativ Signature Ticket la, yon pwogram biyè sibvansyone pou rann teyat la pi aksesib. Inisyativ la te vin yon modèl nasyonal ki t ap sèvi plis pase yon milyon moun. Pou reyalyasyon l yo, Signature Theatre te premye konpayi Vil New York ki te resevwa Regional Theater Tony Award® la, youn nan distenksyon ki pi enpòtan nan domèn nan. Li te gen poès nan Manhattan Theatre Club, Atlantic Theatre Company, ak nan Biwo Majistra Vil New York la, kote l te travay sou inisyativ pou senplifye sèvis gouvènmanal yo. Li te devlope tou Pwogram Antreprenè nan Katye (Neighborhood Entrepreneurs) ki te resevwa yon Prim Innovations in American Government nan Harvard Kennedy School.

Mallin te moderatè deba, prezante ekspoze ak bay konferans nan Columbia, Yale, NYU, nan Kenedy Center ak Fèt Aspen Ideas la. Li te fè pati divès komite sibvansyon epi li te konsiltan nan jesyon atistik pou enstitisyon kiltirèl. Li te resevwa Metriz li nan Columbia University's Graduate School of Journalism ak Lisans li nan University of Michigan.

### **Enfòmasyon sou Konsèy Eta New York pou Zèv Atistik lan**

Misyon Konsèy Atistik Eta New York la se pou ankouraje ak fè avanse ansanm atizay kilti, ak kreyativite Eta New York pou tout moun. Pou sipòte reyabilitasyon kontinyèl zèv atistik nan Eta New York, Konsèy Atistik la pral akòde 127 milyon dola nan Ane Fiskal 2024 la, ki ap benefisye plis pase 2,000 òganizasyon atistik ak atis nan tout 10 rejyon eta yo. Konsèy Atistik la fè kilti kreatif New York la pwogrese lè li atire lidè nan domèn nan epi bay opòtinite devlopman òganizasyonèl ak devlopman pwofesyonèl ak resous enfòmasyon. Kreye pa Gouvènè Nelson Rockefeller an 1960 epi kontinye avèk sipò Gouvènè Kathy Hochul ak Kò Lejislatif Eta New York lan, Konsèy la se yon ajans ki fè pati Branch Ekzekitif la. Pou plis enfòmasyon sou NYSCA, tanpri vizite [www.arts.ny.gov](http://www.arts.ny.gov), epi swiv paj [Facebook](#) NYSCA, sou X [@NYSCArts](#) ak Instagram [@NYSCouncilontheArts](#).

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)